

Aktive nouvo Kat ou tousuit



Ale sou sit EPPICard.com oswa rele nou nan 1-888-898-3584 pou aktive Kat ou e pou kreye Kòd PIN ou.



Tanpri gade lis tout tarif ki mache ak Kat sa a nan kondisyon itilizasyon yo. Lè w kreye Kòd PIN ou epi ou aktive Kat la, ou montre ou dakò pou respekte Kondisyon yo.

Sèvi ak Kat la nan fason pa w



Acha ou fè chak jou yo:
 Ou ka sèvi ak Kat ou tout kote yo aksepte Visa. Chwazi **Kredi** oswa **Debi** lè w ap peye.



Estasyon gazolin:
 Li fasil pou achete gazolin. Pou peye nan ponp lan, annik chwazi **Kredi** oswa **Debi**, oubyen peye pou gazolin nan davans ak Kat ou anandan boutik ki nan estasyon an.



Achte sou Entènèt:
 Ou ka fè acha nan men boutik ou pi renmen yo sou Entènèt nenpòt lè, nenpòt kote.



Peye bòdwo w yo:
 Ale sou sit Entènèt konpayi ou vle peye a pou peye bòdwo w avèk Kat ou.



Restoran:
 Sèvi ak Kat ou nan restoran ak nan kafe ou pi renmen yo.



Transpò:
 Sèvi ak Kat ou pou achete yon pas transpò, pou peye taksi oswa pou ajoute l kòm yon metòd peman pou konpayi k ap ba w sèvis transpò an pataj.

Jere lajan nenpòt kote ou ye

Pou balans Kat la, lis tranzaksyon yo, alèt* ak plis bagay toujou:

Ale sou www.EPPICard.com. Si w gen lòt kesyon, rele nimewo ki nan do Kat ou a.

* Konpayi telefon selilè w oswa konpayi ki ba w sèvis Entènèt la gendwa mande w peye pou sèvis la.

Lis tranzaksyon yo sou Entènèt: Ou ka jwenn lis dènye tranzaksyon w yo (ansanm ak tout depans ou te peye yo) gratis sou www.EPPICard.com. Si w pa ka ale sou sit Entènèt la, ou ka rele sèvis kliyan nou an pou mande yon lis tranzaksyon yo pa ekri.

Konsèy ki enpòtan pou sekirite Kat la

- Sonje nimewo idantifikasyon pèsònèl ou (Kòd PIN) se yon enfòmasyon ki sekèr. Chwazi yon nimewo moun pap devine fasil. Pa janm ekri l okènn kote ni pa bay pèsonn nimewo sa a. Nou pap janm rele w oswa voye w mesaj tèks pou nou mande w Kòd PIN nan.
- Lè w prale nan yon ATM, se pou w gentan gen Kat la nan men w e pou w pare pou sèvi avè l pandan w ap pwoche ATM nan. Si w ta wè moun ki sanble sisipèk oswa sikorans ki sanble dwòl, li ta pi bon si w pito ale nan yon lòt ATM.
- Si w remake ATM nan sanble domaje oswa si w gen enpresyon yon moun te fè yon chanzman ki pa nòmal sou li, pa mete Kat ou ladan l.



www.EPPICard.com

Jwenn lajan kach fasil



Mande pou yo ba w kach lè w ap achte yon bagay kay komèsan ou toujou ale yo.



Ou ka fè tiraj lajan kach san limit nan ATM ki nan rezo a san w pa peye okenn tarif pa mwa. Chak fwa ou sèvi ak yon ATM ki pa nan rezo a pou retire lajan, w ap gen pou peye \$2.25. Chèche logo ki anba yo pou idantifye yon ATM ki nan rezo a:



Conduent se yon konpayi ki bay solisyon peman pou Kat ki peye davans Florida EPPICard® Visa®. Se Wells Fargo Bank, N.A. k ap bay EPPICard la, anba yon lisans li jwenn nan men Visa U.S.A. Inc. Conduent®, Conduent Device® ak EPPICard® se mak ki pou Conduent Business Services, LLC nan peyi Etazini ak/oswa nan lòt peyi. Wells Fargo se yon mak depoze ki pou Wells Fargo Bank, N.A. Visa se yon mak depoze ki pou Visa International Service Association.

+ Se FDIC ki asire lajan an. Regleman zewo responsabilite Visa a ba w garanti ou pap pèdi lajan si w ta pèdi Kat ou oswa si yo ta vòlè l nan men w.